

April

7

No. 10

Mei-1923

Tahoen ka 1

POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKUEN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,

J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: - GOENOENG SARI 84; - WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d.k. Juni f 3.—
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng 0.30
 Pangaos sambeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja „ 20.—
 Satengah katja f 12½, Saparapat katja. . . . „ 7.50
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalangan samboeng-lajang langkoeng mirah.

Eusina P. S. No. 10

1 Bab Wajang	katja	145
2 Wawatjan Siliwingi	„	157
3 Pihatoer Redaksi	„	160

Bab Wajang.

IV.

(Beunang njoetat tina boekoe karangan Toean J. Kats).

Samboengan P. S. No. 8.

Samoelihna Barata ka nagara nembè Batara Rama ngaraos loegina manah, teu ringrang koe kahariwang, woengkoel djoenoe

kana nekanan hoekoeman. Namoe kapaksa kedah ingkah ti dinja, lantaran kagoegat sering kasuit, emoet ningali tilas patepang sureng Barata riosna asa kahodang, tila-lat abot ka sadèrèk. Djoeng arangka deui tiloean njeung djoengkrang mipir pasir, mapaj leuweung loewang-liwoeng, djol saroeumping ka alas *Dandaka*; di dinja ngadamel pe-orogok gousanna ngendek bebenah keur soeka betah. Doepe eta *Dandaka* teli tempat pandita tararapa, handjakal réa boeta anoe sek hiri dengki, nêwo-nêwo ngagembang noe keur djarongdjon. Dina hidji dinten aja pandita soemping, moentang ka Batara Rama, moendoet ditangtajoengan, hajang itjal tina panggodana para boeta danawa. Koe Batara Rama disanggeman baris njegah noe djadi goda rantjana.

Dina hidji dinten sabot arandjeunna keur goenem tjatoer, tiloean patoengkoetoengkoet

CARITA WARUGO GURU
P.S. I no. 9 - h. 129

raos kelar wararaas kagagas manahna ngangres njarioskeun lalakon salira anoe parantos kasorang, bet lar aja boeta awèwè matak gila matak geuleuh ngaliwat ka lebah dinja. Barang èta boeta ngarèrèt ka Batara Rama, oemat-imoet loeja-lèje, sihorèng tèh *aja manah*. Djoeurah-djigrah ngadeukeutan bari ngabocih teu rèpèh, pasemon aja kahojong, bogoh lain dikieuna, ditèmbongkeun teu aja pisan aling pipindingna, togmal moendoet dipigarwa, bari nanja noe ti mana, eukeur naon aja di dinja, ditambahan koe oetjap soegal raresag. Koe Batara Rama ènggal diwaler sahinasna nganggo tata papagon karaton, jèn andjeunna djenengan Batara Rama, keur ngalalana asal ti Ajogja, malah sawangsoelna Batara Rama malik mariksa ngaran. Boeta boengah tanpa tanding ngoe-ping pangwalon satria, marahmaj bègar njarita, jèn manèhna noe ngaran Sjoerpanakha sadèrèk Radja Rahwana, radja boeta noe katjelook sakti manggoelang manggoeling, sarta teu euleum-euleum, ngabèdègèl ditaragal Batara Rama dipaksa baris didamel tjarogè, kedah pisah ti Sinta, anoe madjar tjengkrang begang.

Batara Rama titih rintih ngawaler ka Nji Raksasi, jèn andjeunna mah barabè, kawan-toe kagoengan garwa; Nji Danawa oelah mikarep ka noe rimbitan, moen deuk ogè, dawochanana, toeh ka adi koela, Lakshmana anoe masih kènèh lagas. Naha henteu mikahajang èta, Lakshmana ponoman taja koe-tjiwana.

Sjoerpanakha malik seuri oemat-imoet atohasa kalajanan, njoemanggakeun haripeut raos asa diboetjoehkeun.

Namoeng koe Lakshmana ditampik sapa-djodogan, henteu dioepah-oepah koe saer anoe matak ngeunah, malah dilèlèwè koe pamojok, digeplakkeun satjeplèkna.

Atoeh Nji Sjoerpanakha *bendoe*, moerang-marèng tina boga rasa wirang, ari ngambekna bet ka Dèwi Sinta, ngodjèngkang arèk ngadjèwang, karepna arèk dilegleg diteureuj boeleud.

Lakshmana rikat megat ngahalangan Dèwi Sinta, sarta teu tata pasini deui barang Sjoerpanakha arèk ngarontok simprenge baè iroeng boeta tèh dikeureut, keplas tjeulina ditilas. Atoeh Nji Boeta adoeg ladjer iroeng-roempoeng tjeuli rawing, getih moengsrat

oelawèran. Manèhna tjeurik riwih-rawah ngabigbrig balik, midangdam ngawakwak sasambat ka doeloerna anoe ngaran Khara, mènta dipangmaleskeun pèdah geus dinjenjeri dikaniaja djeung diwirang, ditampik koe lalaki doean, ngadoni madjar koe panitahna hidji awèwè batoerna anoe doean tèa, noe djoemorogdjog tanpa larapan datang ka tempatna.

Boeta Khara teu tatanja deui, ningal doeloer lamokot koe getih, poedigdig ambek, harita kènèh ngadjorag mawa balad 14 boeta, sarta sanggeus èlèh noe 14 datang deui mawa balad 14.000, tapi henteu tahan njangga karosaanana Batara Rama, èta danawa tjarem kabèh, malah Khara ogè kasamboet di pangperangan. Harita Dewi Sinta disoempoekeun dina hidji goèha didjaga koe Lakshmana anoe geus sadia pakarang.

Barang Khara geus maot, Sjoerpanakha lèos baè indit karepna rèk mènta toeloeng ka lantjeukna anoe djadi gedé goenoeng panggeuhan tèa, nja èta Radja Rahwana atawa Dasamoeka, hartina boeta anoe sirahna sapoeloeh, radja di nagara Langka (Ngalengka) ajana di sapeuntaseun laet.

Sadatangna Sjoerpanakha ka pajoeneun Rahwana, riwih-rawah tjeurik bari nembongkeun iroeng djeung tjeulina, ditjaritakeun jèn dikaniaja diwirang dinjenjeri koe Rama. Teu rèpèh ngètjèblèk ngangsonan mènta dipangmaleskeun, koedoe dipaling awèwèna anoe ngaran Sinta, anoe kageulisanana di doenja teu aja bangsana.

Radja Rahwana kabongroj koe pangangsonan, ènggal sanggoep ngalaksanakeun pamoendoet sadérékna baris mangmaleskeun kanjerina, hoetang wirang bajar wirang hoetang njeri bajar njeri. Rama baris ditèmpoeh diperangan.

Namoeng keuna koe pangrodjokanana boeta noe lian, nandasana moal ditaragal, nja baris dibales koe akal djoelig diiwat garwana, sangkan Rama poepoes kaboelenglengan, tina kawangwang taja petana koeat nadah soengkawa kailang-ilangan geureuha.

Radja Rahwana djengkar ti Alengka nitih karéta emas, ngapoeng ngawang-ngawang ngadjoegdjoeg leuweung Dandaka tempat Batara Rama téa. Karétana dilirénkeun sindang heula di hareupeun imah hidji boeta, mitra andjeunna, anoe sok ditjandak sakoe-

lah sakolih ngaranna *Maritja*. Nja *Maritja* téa anoe parantos kaerong koe andjeunna baris eupan pigeusaneun ngalaksanakeun kahjongna. Awitna *Maritja* tiasa meper amarah *Rahwana* koe saer panglilipoer soepaja napsoena oelah didjoedjoer, nanging *Rahwana* énggal kagémbang deui koe kaéndahan *Dewi Sinta* sareng kahoedang koe pangingkilikan *Sjoerpanakha*.

Maritja ngadjadikeun manéh oentjal kantjana oedat salaka loempat ngaliwat ka tempatna *Dewi Sinta*.

Dewi Sinta kaesap gogoda, kabongroj koe oentjal kantjana, keukeuh ka rakana miwarang soepaja énggal ditéwak. Koe *Lakshmana* dihatoeranan wawadi, jén éta njata goda rantjana, margi mahal di doenja aja oentjal anoe kitoe roepana.

Nanging tina bangeting panarik adjian gendam *Maritja*, *Sinta* lali kana wisiking pangalih, weléh teu kénging dipondah. *Batara Rama* ngaboedjeng oentjal téa, dihaben disoesoel-soesoel, doepi garwa ditimbangan didjagi koe raina. *Sabot Rama* teu aja *Dewi Sinta* ngadjoedjoeroeng ka *Lakshmana* miwarang ingkah, kedah njoesoel ka rakana réh ngadangoe sora titiron, sada *Rama* moendoet toeloeng. *Lakshmana* kapaksa ngantoenkeun *Dewi Sinta* njalira.

Némbe pisan *Lakshmana* angkat, djo djleg baé *Rahwana* soemping, anggoan mah kapanditaa; awit ngaririh-ririh koe saer manis, loemah-laméh bangoen nénéh, moedji-moedji hojong mangkon ngadjakan angkat ka *Langka*. Nanging koe margi *Dewi Sinta* teu kénging dionggét-onggét, toengtoengna rijed baé dipaksa diemban bioer ditjandak ngapoeng.

Dewi Sinta djoemerit nangis, kotjéak dengék sasambat ka *Batara Rama*, nanging moebah teu aja goenana, rakana tebih dieupanan digagalak koe oentjal kantjana *Maritja* téa.

Kaleresan teu sakoemaha tebihna, kakoe-ping koe hidji garoeda anoe ngaranna *Djatajoe*, mitra *Radja Dasjaratha* ramana *Batara Rama*, djoemeritna istri anoe sasambat téh, atoeh énggal diboedjeng, sarta barang béh katingal *Rahwana* dina karètana keur ngeukeuweuk hidji istri, gaproek baé karèta emas disamber digitik doegi ka remoek. *Rahwana* napsoe ngagoegoedog sot karèta, ger

merangan garoedag sarta teu lila habek *Djatajoe* ditilas koe pedang, mèh rantas djangdjangna sabeulah sarta koléang *Djatajoe* ragrag, teu tahan njangga pangawana *Rahwana*, ambroek ngaloemboek di tengah leuweung geus teu daja teu oepaja.

Rahwana kebat ngapoeng ngawang-ngawang, *Dewi Sinta* dipageuhan, ngabioer moelih ka *Alangka*.

Sabot dipangkon ditjandak ngapoeng teu kendat *Dewi Sinta* sasambat, djerit-djerit nangis maratan langit; *Samar* polah samar ragap, reuwas taja papadana, nandang siksa tanpa dosa. *Moeroeboet* soesoebal ragrag tina sanggoel, geulang kangkaloeng aroetjoel, njarahhtjal sadjalan-djalan.

Soegri anoe koemelip di alas *Dandaka* hareugeu bengong haroong, ngenes ngangres ngiring sedih, ngoeping djoemeritna poetri, kotjéakna noe sasambat, nanging rakana djeung raji, koe *Maritja* dibangbatkeun, kabéngbat oentjal hianat.

Tatangkalang dangdaenan ting harelab gedag ojad, kasilir koe angin leutik, tawis ngiring sedih peurih, ka *Sinta* noe keur prihatin, noedjoe toenggara nandang soengkawa.

Kekembangan noe rèk mekar, ngoelapès doemadak leumpenh, aloem lir kapoepoel bajoe, toemoengkoel mariloe ngoengoen.

Sinar srangèngè teu tjékas, haleunghaum angkeub rareueuk, mesoem kasapoet halimoen, mega djiga noe teu tèga.

Ngalihliwir angin ngadalingding, sada miloe hoemandeuar, pèdah toegenah ningal *Rawana*: „Leungit adil tanpa lebih, nandasa noe tanpa dosa, *Rahwana* ngiwat *Sinta* garwana *Batara Rama*:”

Kai bati djadi saksi, kakajon tèmboeng barengong miloe sedih ngiring njeri, tapi teu bisa madjar koemaha.

Goenoeng-goenoeng miloe ngoejoeng, sato hëwan riab pasoelabrengan, taranggah ka awang-awang, kawas noe miloe ngadeudeul pindoenga ka *Sinta*: „Masing teger, masing panger, oelah kedèr oelah gimir, poma gedag kaanginan, moega manah masing djanglar, waloeja diraksa koe pangawasa.”

Nadjan Sinta kotjéak dengék tapi *Rahwana* kendel bandel, teu aja pisan rasrasana.

Soempingna ka *Langka*, boes *Dewi Sinta*

dilebetkeun ka kapoetrèn, pamingitan, sarta siang wengi dikoeurhit dipoeckproek-poeckproek koe woedjoek sangkan kersa dipigarwa, baris dipoesti didamel pramèsuari, maréntah saeusi poeri. Radja brana emas inten saeusining karaton ditingalikeun ka Dèwi Sinta, sarta disanggakeun sadajana, sok moen kersa toemoet kana sakersana. Nanging Dèwi Sinta mah soemawonna kagèmbang téa, dalah gedag aja galih obah koe kabèngbat, éta teu pisan-pisan, éstoe pantjeg angger panger toehoe ka tjarogè, tina oetjap kana manah teu aja pisan mèntjogna.

Tina Rahwana geus tètèr, pangolona pangbibitana negèl teu aja anoe teurak, toetoengna bendoe, Dewi Sinta diantjam koe siksaan, sarta boes dikoeoeng di taman Angsoka, didjangdjian lamoen dina djero doea welas boelan kenkeuh teu kersa toemoet kana pangadjakna, Dewi Sinta baris ditjatjag diwalang-walang dipanggang arèk ditocang.

Siang wengi Dèwi Sinta nangis sasambat, ka Batara Rama, didjaga koe para raksasi anoe teu eureun ngawoedjoek djeung njingsieunan, sangkan toemoet saloeloet djeung Rahwana.

Batara Rama sareng Laksamana weléh ngoedag-ngoedag oentjalna teu hasil, ladjeng moelih ka tempat garwa ngantosan njalira. Nembè oeninga, Sinta teu aja.

Batara Rama kagèt taja papadana, hariwang koe palangsiang, garwadihaben disaksrak dilari koe doeaan, nanging teu kapendak. Teu lami bèh panganggo garwana noe ragnag téa sarta teu tobih bèh deui tilas karèta Rahwana téa.

Harita Batara Rama njel bendoe ngoedoeng-ngoedoeng lat lali ka boemi alam, kek gondèwa ditjandak badè divengkang baris dianggo ngamoesnakeun pangeusi djagat, tina émoetanana taja lian ngan Dewi Sinta tangtè geus poepoes dikaniaja koe boeta danawa. Koe andjenne angkasa bakal diroeksak koe panah, djamparing baris dilepas ngabasmis angin, noempes sinarna srangèngè, boemi alam baris dikelem koe poèk mongklèng, goenoeng goenoeng baris dioeroeg-oeroegkeun didoengkar-doengkarkeun. Boemi sapangeusina baris dibasmis, dalah para dèwa batara bakal didjorag diroeksak, lamoen dèwi Sinta, garwana, henteu dipoelangkeun

sina poelih deui tjara tadi. Moeng dihaben dipoentangan dipeper koe Lakshmana, koe saoeer noe noengtoen lipoer, soepaja oelah bendoe kadalon-dalon, bilih kadochoeng toengtoengna, langkoeng oetama disasar dimanah heula. Batara Rama rada lempèr toemoet pivoeroek raina, ladjeng deui njangsrak-njaksrak ngilari garwana. Teu lami bèh kapendak *Djatajoe* anoe nandang panandasa Rahwana geus teu daja teu oepaja, sarta oendjoekan ka Rama soarana pegat-pegat, ujarioskeun soegri anoe parantos kadjadian. Sarta satoetasna Djatajoe tjarita kerelek badè maot.

Koe Batara Rama Djatajoe lajonna didoeroek, sarta tina seuneu noe keur moentabmoentab andjeunna ngadangoe soara pitoedoeh piakaleunana sareng sarat tarèkahna sangkan iasa meunangkeun deui Sinta, tina genggeman Rahwana.

Nja ti dinja mah ladjeng éta doea sadèrèk tèh arangkat deui. Di djalam arandjeunna amprok sareng boeta tanpa daksa ngaranna Kabandha, ger merangan ka Batara Rama sarta barang plas ditigas, boeta tèh les leungit, ngong aja sora, tankatingal, lantaran éta Kabandha tèh dèwa noe mangroepa boeta, keuna koe soepata, ajèuna bisa sirna ingkar tina *sangsara* nja koe pitoeloengna Batara Rama.

Andjeunna moelang tarima, koe maparin pitoedoeh jèn Batara Rama kedah mimitran sareng Radja monjèt anoe djenengan Soegriwa, nja éta anoe bakal beunang dianggo panjarandoean geusan ngadjabel deui Sinta tina pangawasana Rahwana.

Tambah reugreug manahna Batara Rama henteu hontjèwang pinoeh koe hariwang teuing.

Ti dinja ladjeng deui angkat ngaboedjeng sapanoedohan Kabandha téa.

Barang saremping ka sisi talaga *Pampa*, gok arandjeunna tepang sareng Radja monjèt téa, anoe harita keur nandang kabalangsakan asroek-asroekan mileuweungan, lantaran karadjaanana dilindih koe sadèrèkna anoe djenengan Walin (Soebali.) ⁽¹⁾

Éta *doea* satrija tangkep tangan djangdji mimitran silih bèlaan: Batara Rama baris

¹⁾ Katrangan at. lalakan pang Soegriwa petjoh sareng sadèrèk baris kapendak dina P. S. No. 11

ngabantoe ka Soegriwa merangan Soebali, nja kitoe deui Soegriwa baris bèla ka Batara Rama ngilari Dèwi Sinta.

Sabada rempoeg djoekoenng sabiloeloengan, broel arangkat ngadjoegdjoeg *Kiskindha*, nagara anoe harita parantos ditjepeng koe Soebali tèa.

Sasoempingna Soegriwa ka nagara gantar wang baè nangtang deui ka sadèrèkna sarta ger perang tanding. Soegriwa mèh kadèsèh deui, ari ngantos pitoeloeng Batara Rama teu aja baè, tina Batara Rama roemegag ngaraos inggis kaliroe nibakeunana djamparing, rèh Soegriwa Soebali sarimbag mèh sakaroepa-Saparantos Soegriwa nganggo tjitjirèn *dja noer koening*, nembè Batara Rama ngalepas djamparingna djeplok keuna kana dada Sobali, sarta sabadana Sobali wawasiatan, nja èta moendoet soepaja poetrana anoe djeneangan Anggadha didjoengdjoeng djadi Pangèran Anom, digadang pingagentoseun Soegriwa, ladjeng baè poepoes, pindah alam oenggang kana kamoeljaan lantaran narima dosa salira.

Soegriwa ngadeg deui Narpati di Kiskindha, sareng koe margi harita moesim rendeng, teu atjan tiasa arangkat ngilari Sinta, kedah ngantosan heula katiga, ari Batara Rama madèpokan di goenoeng Malijawan sareng Lakshmana.

Saparantos liwat mamarèng, tina Soegriwa kamalinaan, koe Batara Rama ditagih djangdji, nja nembè ngiangkeun kapetengan anoe baris noengtik lari, neangan tempatna Sinta.

Anoe ka peto koe Soegriwa kana djadi djoeroe telik mangindrudjala nja èta salah sawios rèngrènganana anoe djenengan *Hanoemat (Hanoeman)*, poetra *Dèwa Bajoe* anoe kawentar gagal rongkah iasa mantjala poetra mantjala poetri, mindah wanda ganti roepi.

Hanoeman angkatna henteu njalira, tapi disarengan koe *Anggada* sareng balad monjèt beunang meting.

Saparantos Hanoeman ngalalakon djeung nekanaan roepi-roepi pakèwoeh, gok tepang sareng *Sampati*, nja èta garoeda doeloerna *djatajoe* tèa. Sampati njarioskeun jèn nalika manèhna ngadoe kasaktèn sareng *Djatajoe* balap hiber noedjoe kana srangèngè, kata radjang bahla toetoeng djangdjang koe panasna sinar geni, doegi ka poegag lampah, taja daja kapaksa moelang ka asal toeroen

di goenoeng Windija, sarta sabot aja di dinja ningali Rahwana ngawang-ngawang mawa Dèwi Sinta ka *Ngalengka (Langka)*.

Saparantos Hanoeman kènging bongbongan sareng katrangan palebah-palobahna ajana Langka ti Sampati, broel balad monjèt mios deui, djeg daratang ka sisi basisir kidol katingal sagara ngajapak ngiplik-ngaplak lega lain dikienna, mawa seungguh matak wegah ka noe koedoe loemampah. Anoman sabaladna ngaharoeleng bahating koe bingoenng.

Tapi henteu matak boentoe lakoe, sabab Anoman mendak akal, tjat andjeunna oenggang ka poentjak goenoeng *Mahendra*, sangkan bisa ngawahan rèk ngaloentjatan sagara.

Ti poentjak goenoeng sanggeusna moentang ka noe ngajoega njambat Batara Soerija, bioer Anoman ngapoeng.

Opat dinten ngambahna wijati, djlog datang ka Langka. Tjat deui oenggang kana poentjakna hidji goenoeng larak-lirik roerat-rèrèt. ujawang nagara Ngalengka ti kaanggangan. Atra katingal ngajapak kotana èndah, sa-koeriling boengking dikoeroeng koe bèntèng-bèntèng tohaga sajaga koe anoe ngadjaga, taja petana beunang koe atah-atah.

Kaèmoet jèn oepami ditaragal teu metakeun akal, bok bisi baloekarna gagal, nja buris makè telik Bapa-maling, djleg Anoman ngadjadikeun oetjing, sarta barang geus reup panon-poè soeroep, kelenjep asoep ka dajeh, ngaliwat bèntèng djeung para danawa anoe ngadjaga tèa. Teu aja anoe ngaharoe-biroe, samemena laloegina tina teu aja anoe njana.

Manèhna sakama-kama ngoebek di djero karaton Rahwana néangan Sinta, oenggal gedong oenggal kamar diasoepan, teu aja anoe kalaroeng. Di kapoetrèn tempat para istri-istri, pamingitan para parekan selir, anoe mindah warna téa mah toemaninah ningali anoe èndah-èndah, nanging Sinta weléh henteu kapendak. Sadjeroning bingoenng hariwang koe Sinta, Anoman teu pegal kaget ningal kaagrèngan kaharènghénganana Alengka, matak bengong sering Anoman hookeun. Karéta emas anoe ngaranna *Poespaka*, titihan Rawana ana ngapoeng ngawang-ngawang téa, èstoe matak hébat anoe ningal.

Tina weléh geus tètèr ngilarina di karaton, nja didongdon ka taman-taman. Barang Anoman datang ka taman di leuweung ang-

soka (asjoka), meunang raratan jèn Sinta aja di dinja.

Anoman teu tinggal tarèkah sangkan laksana iasa tepang sareng Déwi Sinta. Tina lantip toer rikip telikna Anoman teu lami nja hasil; Anoman djongok djeung Sinta, sareng ngoendjoekkeun sapiwarangan Batara Rama-Déwi Sinta wawarti ka Anoman soegri anoe parantos kalampahan koe andjeunna, ditéték ti awit diiwat ti alas *Dandaka* tepi ka harita keur aja dina koerongan taman asoka, sareng ditjaroskeun adjaman Rahwana anoe dipaké ngantjam nja éta baris nelasan andjeunna, lamoen dina sadjero doea boelan deui keukeuh pageuh teu kersa toemoet kana sapangadjakna. Dewi Sinta moendoet soepaja geuwat didjait tina kaprihatinanana, reh tempo geus sakitoe santekna.

Anoman ngadeudeul koe pioendjoek anoe matak ngareugreugkeun manah Déwi Sinta, jén saméméh tepi kana djangdji, soebaja adjaman Rahwana téa tangtos Dewi Sinta geus leupas tina kanalangsaan, iasa patepang sareng Batara Rama.

Saméméh Anoman moelang, hajang ngadjadjal heula karongkahan oerang Langka, itoeng-itoeng ngadjoegdjoegan pangaweroeh moesoeh, rék dihagal didoega kakoeatanana. Koe sabab éta teu tata pasini deui ngan ger baé taman asjoka leuweungna diroeksak diboerak-barik. Atoeh para boeta noe ngadjaga patjiweuh teu poegoeh tjabak, sawaréh tjampoeuh nangkep anoe koemalantjang wani-wani ngoebrak-ngabrik kagoengan ratoe. Tapi boeta-boeta teu aja anoe bisa mangga poelia, teu aja anoe tahan njangga kadigdja-jaan oetoesan Rama. Toengtoengna diajonan koe paloekna Alengka, Anoman karingkoes, reketek diborogod dibawa ka Rahwana. Rahwana bendoe sarta Anoman ditimbangan di dipaéhan. Nanging koe margi Anoman waktja jén manéhna **pradjaka** (oetoesan) Rama, baris moendoet Dewi Sinta, teu tjios ditibananana hoekoem pati, moeng ari dihoekoem mah teu loepoet, nja éta boentoetna dibeungkeut koe lalamakan beunang njeloebkeun kana minjak, soet disoendoet poer dileupaskeun.

Barang Dewi Sinta ngadangoe anoe popo-pan jén Anoman baris dihoeroe tina boentoetna, katjida ngahelasna tina inggis Anoman ne-

mahan pati, tanwandé poegag lampahna, rara wirang tjilaka bakal kasorang.

Koe margi éta andjeunna menekoeng nene-da ka Batara Agni, soepaja oetoesan tjarogèna oelah tepi ka tjilaka, keuna panas koe seuneu.

Panenedana Déwi Sinta koe Batara Agni dikaboel nadjan seuneu moentab dina boentoet, koe Anoman karaos tiis teu panas. Barang poer Anoman dikentjarkeun, ngan djleng-djleng baé loeloeantjatan tina soehoenan kana soehoenan deui, soet-soet baé imah-imah djeung wawangoenan oerang Langka didoeroek koe seuneu tina boentoetna. Atoeh ger baé sanagara Langka kahoeroean, boeta-boeta hiboet pakepoe mareuman seuneu. Ari Anoman mah sabot keur goejoer tagiwoer tèh teu tolèh ngan ngentjis baé moelih, sarta tjat deui baé ka poentjak goenoeng bioer deui baé loentjat ka peuntaseun sagara, djlog datang ka balad-baladna. Atoeh teu kira-kira balad monjèt saroeke boengahna tina geus hasil anoe dibeuratkeun ka maranèhanana toer kalawan kasalametan.

Ti dinja mah broel baé Anoman sabaladna maroelih, arék boeroe-boeroe oendjoekan ka Batara Rama soepaja ènggal-ènggal:

Batara Rama ngaroeroeng Rahwana.

Sadatang-datang galantang Anoman oendjoekan ditètèk teu aja anoe kaliwat, ti barang indit tepi ka datangna deui.

Batara Rama ngadangoe pioendjoek Anoman tèh soeka doeka; Soekana, tina garwana geus raos kapendak deui, ari doekana, tina èmoet kana kasangsaraan Sinta, sareng seungguh wegah koemaha piiasaeunana meuntaskeun para bala tantara ka Langka, pèdah koedoe ngaliwat laot anoe sakitoe legana, lain geusan mokaha.

Sadajana pada barempag koemaha piakaltarèkaheunana sangkan laksana anoe disedja, boeroe-boeroe hasil maksoed.

Soegriwa hatoe pioendjoek jèn dina timbananana teu kedah dianggo wegah, hanas sagara, mo boeroeng beunang dipeuntasan, koe disasakan, da balad noe pingagarapeun moal datangka kakoerangan.

Ari pihatoer Anoman, matak ngahoedang kana kareugreugan manah sadaja, wiréh njarioskeun jén dina doegaanana tangtos balad monjèt bakal bisa njangga katohagaanana

balad Rawana, kaoentoeup nempoeh bénténg-bénténg ngadjabel nagara Alengka.

Koe lantaran pangrodjong sareng pirem-poege para kantja mitra sadaja, Batara Rama gilig manahna baris ngaroeroeg Alengka, malah henteu ngengkékeun deui, dek baé mapak balad dikerid penti, broel madjeng ngidoel ngadjoegdjoeg ka basisir pameuntasan téa.

Sasoempingna Batara Rama ka sisi laoet, sinegeg tina sesah tatjan mendak akal koemaha pitarékaheunana masang sasak di sagara.

Toenda tjarita anoe keur goenem tjatoer di sisi laoet, kotjapkeun di Langka (Alengka), saendoerna Anoman ti nagara, Radja Rahwana katjida bendoena, harita kénéh magelaran, para mantri ponggawa, toengkeb sadaja barempoege koemaha nja pilakoeun sasadiaan geusan ngajonan Batara Rama réh tangtoe bakal ngaroeroeg, hajang ngareboet deui Sinta. Sadaja ponggawa mantri pada sapoeke miloe-ambek roedjoek ngadjoedjoer napsoe ngajonan Batara Rama. Kadjaba *Wibhishana* njalira, sadérék Rawana, anoe waktja sabalakana, jén andjeuna mah sakalangkoeng teu panoedjoe, kana lakoe ngaladjoer napsoe, ngoembar pangadjak amarah téh, malah maparin wawadi ka sadérékna jén Déwi Sinta koedoe dipoelangkeun deui ka Batara Rama, da éta anoe kagoengan; dalim tebih tina adil, ngiwat bodjo anoe lian; tjatjak oepama Sinta teu diiwat, atawa geuwat dibikeun deui ka salakina mah, tangtoe Batara Rama moal ngaroeroeg nagara moal roeksak koe perang. Koe marga éta *Wibhishana* teu iasa ngarempagan kana ngalawan perang, tina njaah koe nagara komo oepami émoet kana ilapat awon, impénan alamat kasoran djoerit, Rawana bakal tiwas, beuki sanget teu moepakat, koeriak roeksak nagara dipaké ngoembar amarah radja.

Barang Radja Rahwana ngadangoe pioerdjoek *Wibhishana* kitoe, reup pameunteuna geuneuk bendoe ngagoegoedoege, tina raos dihalang-halang kersa, asa pisan ditjatjampah; gantawang andjeunna njeuseul ngagonggorokan ka *Wibhishana*, njebatkeun, jén *Wibhishana* pang sasaoeran kitoe téh, lain asih ka noe leutik lain njaah ka nagara, tapi woengkoel sirik pidik goréng hate ka sadérék, djadi tanda henteu lebar koe poe-

saka, téga teu béla ka radja; boektina ajeuna ratoe rék diroeroeg moesoeh, *Wibhishana* teu miloe rempoege, éta taja lian ngan djoelig dengki, djalma taja panarima.

Koe *Wibhishana* dioendjoekkeun deui jén lamoen Sinta geuwat dipoelangkeun deui ka rama, tangtoe moal aja perang, komo moen Rama disambat diadjak mimitran. Lamoen ratoe teu ngagoegoeg napsoe, tandawandé nagara karaksa, tanda njaah saenjana.

Tapi Rahwana tambah bendoe, asa ditjampelak aja noe mapalangan kersana, sarta njebatkeun jén: „Soegri anoe teu miloe rempoege téh saroea djeung biloeke ka moesoeh, nandasa lemah tjaina sorangan. Moenggoeh moesoeh anoe djadi ratoe, saenjana taja anoe leuwih gedé, kadjaba ti koelawarga radjana. Satroe anoe ngaroeksak nagara, taja lian ti barajana noe boga éta nagara.”

Kadjaba ti kasaoeran kitoe roepa-roepa deui panjeukseukan Rawana ka *Wibhishana*, saderékna noe maksoedna sakitoe njaahna ka nagara, sangkan karaksa teu keuna koe pantjabaja, oelah roeboeh kadjoeroeng koe napsoe ratoe.

Barang *Wibhishana* ngadangoe kasaoeran Rawana anoe sakitoe njogokna kana manahna, andjeunna ngahelas tina katjida teu raosna, noe asih dipoelang sengit, noe njaah dipoelang moha; komo ari ras kana kawirang salira, nepi ka ditoeding sirik pidik djoelig dengki, toeroeg-toeroeg tétéla dianggap satroe, koe margi éta andjeunna taja petana iasa tahan lami-lami aja di Langka. *Wibhishana* asal niat roemaksa ka nagara, sangkan djaoeh tina pakéwoeh, woeri-woeri dinjenjeri diwiwirang teu reudjeung kaadilan.

Toengtoengna *Wibhishana* nolas bakal pasah ti Rawana, teu kawawa sagoeloeng sagalang djeung noe tebih tina adil, radja noe ngoembar amarah.

Nja ti dinja mah *Wibhishana* léos baé lolos ti nagara disarengan koe opat boeta kamanoesan noe lian, noe pada mageuhan wiwaha doedoega parajoga. Tapi kagalih koe *Wibhishana* jén taja tanda njaah enja, lamoen teu aja oesaha anoe geusan djadi djalan anoe brasna kana roemaksa nagara. Koe marga éta, éta anoe limaann téh sabiloeloengan rék biloeke ka moesoeh, miloe

merangan Rahwana nempoeh ratoe noe ngadjoedjoer napsoc.

Bioer baé limaana ngapoeng ngawang-ngawang, ngoengsi ka Batara Rama, solja toemoet oeloen koemawoela ngabelaan bebeneran, tina bakating koe beurat tibelat kana kasalametan eusi nagarana anoe ajenna sakitoe didjoedjoer napsocna koe ratoe.

Sasoempingna Wibhishana ka basisir ka pasanggrahan Batara Rama, ladjeng baé andjeunna doemeuheus sareng ngawaktjakeun sakoemaha anoe djadi kersana. Awitna nja ditampa koe tjangtjaja, tina inggis koe bisi rempan koe soegan téa, tapi lamilami mah sakalintang baé Batara Rama soeka galihua tina tambah tohaga manah, beuki reugreng tambah weweg.

Barang Wibhishana ngalangoe pang balad Rama kapaksa ngendek di dinja téh, lantaran teu aja sasak keur meuntas, ladjeng njanggakeun timbangan soepaja batara Rama moentang moendoet toeloeng ka Déwa laeet (B. Waroena). karana ngan Andjeunna anoe piisaeun maparin pidjalaneun, koemaha akal tarékahna Pamoendoet Batara Rama koe B. Waroena dilaksanakeun, ladjeng Déwa nimbalan ka monjét anoe ngaran *Nala*, poetrana Batara *Wiswakarna*, nja éta djoeroc wangoen kaléwatan, ka papantjéan djadi loeloegoe ngagarap éta djambatan.

Saparantos *Nala* dipasrahan éta padamelan koe Déwa, der bae sasak mimiti dihantja, dipagawé koe balad monjét, aja noe ngadoengkaran tjadas, manggoelan batoc, ngagotongan kai, roepa-roepa tjabakna teu aja hidji noe reureuh, pada digawé sosen-sosen njacur sagara njeun dermaga.

Teu sabaraha lawasna djambatan geus anggens, broel baé balad monjét pada meuntas ka Alengka, pahéula-héula teu aja sakara-kara.

Barang Batara Rama sabaladna parantos koempoe di djadjahan Angelka, teu talangké diengké-engké deui, ger baé dajemb Alengka dikepoeng bocaja-mangap, ditingker diangseg koe wadia bala sadaja.

Balad Rawana pada wani toh pati djiwara, ngalawan perang saroca pada taja kagila.

Anoe djadi sénapati balad Batara Rama nja éta Lakshmana, Anggada djeung radja

biroelang anoe djenengan Djambawan. Ari balad Rahwana dikapalaan koe Indradjit, poetrana Rahwana anoe geus katjeloek gagah perkosa sakti manggoelang-manggoeling, iasa ngapoeng ngawang-ngawang, ngaleungit sareng roepi-roepi adji kasaktén teu aja kapétolanana.

Saparantos roeksak balad pada balad, nembé satria pada satria perang tanding, tjekel saboek milang tatoc, lali rabi tégang pati.

Méh tété Lakshmana ngajonan Indradjit tina sakti boga pirang-pirang adji. Malah Indradjit oenggoel pinoendjoel, iasa ngaroeboehkeun moesoeh Batara Rama sareng Lakshmana tatoc parna, tiwas méh poepoes kasamboet koe moesoeh.

Balad boeta soeka boengah, sawangsoelna balad monjét pada ngoejoeng tina ningal doenoengan sakitoe parnana.

Teu aja deui tambana, oebar anoe matak tjageur, ngan saroepera-roepa pisan, nja éta di Goengeng Kailasa aja opat djoekoet (tangkal) anoe moestadjab beunang dipaké oebar (ngaran tangkal *sandilata*), lamoen teu kaboro koe oebar éta tan wandé temahna tjilaka.

Koe pirempeogna *Djembawan*, taja lian ngan *Anoman* anoe piisaeun boeroe-boeroe ngala éta oebar ti G. Kailasa. Anoman teu kalékéd deui, bioer baé ngapoeng tina goe-goe goeroeng goesoeh, rék ngala sandilata téa. Tapi barang geus aja di Kailasa, *Anoman* bingoeng mana noe koedoe diala, lantaran kana éta oebar njaho ngaran tamboeh roepa. Tapi tina ari rék milih sok inggis salah djeung koedoe boeroe-boeroe tea, koe Anoman teu diengkékeun deui ngan rigidig baé dipangkoe endjeung goe-noeng-goe-noengna dibawa ka pangperangan.

Moestadjab pisan, barang las dilandongkeun, Batara Rama sareng Lakshmana dadak sakala damang, waloeja tatoena lita, malah para wadia balad anoe pada tjilaka tatoc koe moesoeh, koe ngambeu anginna éta oebar, sapada harita djaragdjang waringkas poelih saasalna tadi. Ti dinja mah ger deui madjoe perang, tambah djodjok tambah pogot saroca pada wanina.

Lian ti koe metakeun pakarang noe matak niwaskeun lawan, Indradjit ngabidjilkeun roepa-roepa kasaktian, adji sihir

kalahiran, malikkeun paningal noe lian koe panggelo, pinter ngalao djeung ngabobodo, sangkan roentang pangawasana moesoeh.

Nja éta Indradjit njipta hidji istri, djleg Déwi Sinta titiroh, tjeplés tamblég teu dipitjeun sasieur; ladjeng dioeleng digoegoesoer poengkoereun karéta anoe ditoengangan koe andjeunna, sina katingal koe balad Batara Rama jén Sinta njandang sangsara koe panganiaja; sarta barang lar ka pajoeneun Lakshmana sareng Anoman, ngan keplas baé beuheung Sinta tjitjiptan ditigas sirah pegat misah tina badanna.

Anoman reuwas ngareudjag, rénghap randjoeg hariweusweus oendjoekan ka Rama, jén tiwas Déwi Sinta poepoes ditigas mastakana koe Indradjit.

Barang Batara Rama ngadangoe wartos, anoe sakitoe matak njeblak ngahelasna, rampoejoek baé ngaloemboek nahnaj taja tanganpangawasa, leuleus leték lir kapoek noe kaiboenan, les kapidara geus teu daja teu oepaja. Diroeboeng dirioeng-rioeng, dihaben ditaroeloengan, énggalna koe Wibhishana didjiaid koe wisik noe narik kana panghoedang galih, diharewosan jén kedah teger panger oelah rék gedag koe bédja, tingal sok radjeun soelaja tina enjana. Anoe ditigas téa mah taja lian ngan Sinta tjitjiptan, djoelig dengkina Indradjit; didadar dibédjér-béaskeun rasiah akalna oerang Alengka ngarah tiwas tjoepar pangawasana Rama.

Njah Rama waloeja deui, sarta saporantos Wibhishana ngababar rasiahna silih kasaktén Indradjit, Batara Rama sabaladna tambah tanaga oendak pangawasa der deui nengah ka médan, wawanén ngarengkoep moesoeh goembira leuwih ti biasa.

Lakshmana ajeuna entang-ontangan ngajonan Indradjit, perang tanding pada wani, idjén ngadoekeun kasakten, ditanggap koe sadajana. Indradjit kapépéd nintjak babahan tjilaka, kasamboet koe Lakshmana, ditalasan di tengah pakalangan pisan.

Ger balad Batara Rama soerak, ditéma koe panangtang ménta lawan, matak panas tambah ngentab.

Barang Radja Rawana ningali poetra tiwas, lat lali di boemi alam, ngagidir bawaning koe bendoe ka moesoeh, sarta sedja toetoempesan loengsoer madjeng koe

andjeun ka médan. Der perang patoetoenggalan Rawana sareng Batara Rama, pada ngoembar pangawasa, taroeng ngadoe pangaweroeh, sakti saroea saktina, digdjaja pada digdjaja. Siang wengi perang tanding teu aja lirénna, ditongton koe para déwa batara. Batara Rama dirodjong pada ngadjaring ana kasoran rék tiwas, koe déwe énggal diboedjeng ditoeloeng.

Sababaraha kali Radja Rahwana katigas mastakana, tapi ana ragrag tiba ka lemah, djleg djanggélék katangian, Rahwana goegah poelang deui ka asal, poelih deui satahi, ger deui ngalawan perang, tambah djodjoh soengkan éléh.

Batara Rama ampir rék méh tétéér, ningali kasaktian Rawana, tina weléh teu poepoes, sakitoe sirahna geus mindeng patoeraj ti badanna, tapi rapet djadi hidji deui, ngalawan teu aja pisan mendana. Nanging tina pada ngabobotohan koe para Déwa téa, nja toengtoengna Batara Rama iasa mentangkeun gondéwa, panah poesaka ti Batara Brahma, djamparing melesat keuna kana dada Radja Rawana, parat! nür kana djajantoengna, sarta harita kénéh broek Rahwana roeboeh, kasamboet ing danalaga,

Wadia bala Batara Rama, para monjét anoe sakitoe nojékna, ger soerak ambalambalan, pada soeka pada boengah réh meunang perangna, Rahwana geus poepoes di pakalangan.

Demi balad Alengka, para boeta danawa, barang Radja Rawana geus ambroek keuna koe panah, boeriak baé pada boebar katawoeran.

Saparantos réngsé salsé anoe mentas perang, ladjeng Wibhishana didjoengdjoeng loenggoeh ngasta karadjaän Alengka, ngagentos rakana.

Kakotjapkeun Déwi Sinta anoe tas njandong sangsara, hariwang sareng haringhang, tina teu kendat toenggara manah, koe roepa-roepa goda rantjana ajeuna parantos kalear ti taman Asjoka, ditjandak tina pangdjaga boeta, patepang sareng poepoehoenan kalboena, énggal doemeuheus ka Batara Rama.

Harita di nagara ngahadja magelaran sat-ria mantri ponggawa, balad boeta sareng monjét noedjoe koempoel toengkeb sadaja. Barang Déwi Sinta rawoeh ka pajoeneun tjarogéna, haréng bet soelaja tina pangira

noe manahna salantjar, béda tina panjeta anoe bolostong, sabongdrong, sabab Batara Rama ka garwa teu énggal njambat saadat biasa noe pada mentas njandang sangsara, ieu mah awitna ngan oekoer njarioskeun perang anoe eggeus kasorang, ditéma koe siga téga ngadjak pirak henteu kersa ngangken deui garwa ka Sinta, ditoengtoengan koe panoendoeng kedah oendoer, ingkah sakersakersana. Pang Batara Rama kitoe kedalna ka geureuha, sanes pisan pisan lantaran tjang-tjaja kagoengan manah asa-asa henteu pertjaja, tapi toemoet kana atoeran oegeran lahiriahna sara, jén istri anoe geus paanggang tina panangan tjarogé koengsi kakoeroeng koe hoekoem batoer, aja di lalaki lian, éta teu kenging diangken deui djadi padmi, moal djadi praméswarina Batara Rama, nja éta sarat geusan ngomah-ngomahan panereka djeung panjangkana sadaja eusi nagara, sangkan toekoeh keukeuh pageuh kana bener, pertjaja kana weningna galéh anoe djadi ratoe.

Barang Déwi Sinta ngadangoe dawoehan tjarogé anoe sakitoe matak peurih matak peureusna kana manahna, segroek baé nangis njambat ka tjarogé tina teu roemaos gedag midoea manah teu aja dosa anoe karaos éstoe toehoe soemoedjoed salalamina, nanging ajeuna pinanggih sareng hoekoeman noe lainlain, asana dikaniaja, keukeuh kakoeroeng timboeroe; nja andjeunna bakal téga laboeh geni, nganjatakeun kabersihan salirana. Harita kénéh Dewi Sinta moendoet disajagikeun toempoekan soeloe ka Lakshmana, geusan andjeunna ngoembah panjangka anoe toemiba ka salirana, tina ka manah koe Sinta taja deui geusan ingkah, pindah tempat pisah ti tjarogé kadjabi ti masrahkeun raga djeung njawa ka noe Kawasa, koe poepoes dihoeroe.

Batara Rama pasrah soemerah sarta maparin widi, ngadjoeroeng lakoe ka garwa noe badé laboeh geni, ladjeng nimbalan sasajagian sapoeratina.

Barang toempoekan kai parantos sajagi soet disoendoet, goer seuneu hoeroeng moentab-moentab. Déwi Sinta lebet kana tengah-tengah seuneu noe ngagoedag-goedag, bari njambat ka Batari Agni moendoet ka saksi kasoetjian kabersihan galihna.

Djleg Batari Agni woedjoed loemoengsoer ti Kadéwatan, ngaraksa noe tanpa dosa, seunetu njingraj kawas disoeaj, sarta di

tengah doeroekan ngelewoeng, katingal Sinta ngadeg ditjandak koe Batari Agni. Sarta harita Déwa ngadawoeh jén Sinta beresih teu aja geuneuk maleukmeukna, soetji galih éstoe mandjing eusi poerina Batara Rama, sarta sok dipasrahkeun deui koe Déwa ka tjarogéna, Sinta ten sakara-kara.

Batara Rama nampi garwa kalawan kabingnahan, réh kasoetjian kabersihan Dewi Sinta boekti kasaksi koe saeusi nagara, sarta harita an djeunna ngadawoeh, jén menggah manéhna koe andjeun mah, da poegoeh tetep anteb pertjaja ka garwa teu aja sangka tereka; tapi katimbang koe salirana perloe moenggoeh anoe djadi ratoe, kagoengan manah timbangan, ati noe ngantjik di djalma leutik, rasa anoe aja di djalma loba, koemboeh ngawangoen nagara, ngétjagkeun kersa koe andjeun, oelah soelaja pasalingsingan. Djalma réa moal itjal tina njangka gerentes noe seuri leutik, moal bererih noe noeding, lamoen teu boekti atra katingal, jén Dewi Sinta soetji bersih tanpa dosa; ajeuna nembé antebna manah Rama ka garwa iasa sapatotos sareng sangkana pangeusi nagara.

Koe margi parantos loebar hoekoeman noe ditibakeun ka salirana, ajeuna saporantos bérés roés itjal tina balang béngsal, moeng kantoen soeka boengahna noe aja, broel baé Batara Rama djeung garwana nja kitoe deui Lakshmana diiring koe Anoman Sareng sadaja balad monjét, moelih ka bali geusanna ngadjadi.

Sarawoehna ka Aijodhja, dipapag koe sadaja koelawargi mantri ponggawa sareng abdi-abdi sapangeusi nagri, noe sadajana pada goembira pinoeh koe kasoekaan; mi-goesti noe boga milik sareng teu lami doui ladjeng bae Batara Rama ngasta kakawasaan didjoengdjoeng loenggoeh djoemeneng radja. Nagara woewoeh madjoe, djembar tambah-tambah kerta, djelema pada soeka befah, tiis tjeuli hérang mata, kaaoban koe adiling noe djadi radja, hoerip goesti waras abdi.

Poetra Batara Rama.

Lami ti lami saporantos Batara Rama ngadeg naléndra di Aijodha, noedjoe nagara keur meudjuehna reugreug pageuh hédjo lémok, djelema bararoengah sararenang, bet kataradjang koe owah gingsir, nja éta adat

djalma sok ngagoegat-goegat anoe geus kaliwat, Déwi Sinta dioepat dipaké tjarita, kawasna sangka tjangtjaja teu kalis koe laboe geni, nepi ka réa anoe kedal njeboetkeun handjakal, nganaha-naha ka Batara Rama. Sawaréh aja anoe téga njeboetkeun jén: Radja njontoan goréng ka noe ti handap, ngareremi istri anoe geus kakoeroeng koe batoer, matak sangar ka nagara, mawa sial ka noe réa.

Gerentes pangoepatna djelema téa kadangoe koe Batara Rama, sarta raos peurih galih, réh garwa djadi tjarita, inggis aja mamalana, mahala ka noe pertjaja. Koe margi éta teu aja deui tambana, kadjaba Dewi Sinta kedah disingkahkeun ti karaton, panoelak tjarita djalma. Saparantos dihaben dibeuweung dioetahkeun digalih diboela-balik, Batara Rama gilig baris pisah djeung Sinta, pameuli ati saeudi nagri pangroeat anoe ngaroepat, ladjeng nimbalan Lakshmana djadjap Sinta diboeang ka sapeuntaseun bangawan Gangga.

Déwi Sinta soemerah passah teu pisan baha kana satimbangan raka, djoeng angkat henteu bedang wangkelang diiring koe Lakshmana baris nandangan diboeang ingkah ti nagara. Nanging tetep anteb dina kalboena, jén awal ahir tangtoe boekti kasoe-tjian galihna, kabersihan salirana, sarta bakal kaoeninga koe sadaja, tina roemaos teu aja pisan sérongna.

Saparantos ka loear ti nagara, Déwi Sinta lebet ka patapan Resi Walmiki, toemoet woeroekna sang wikoe, siang wengi semédi djongdjong *ngahenang ngahening*. Teu kantos lami deui ajana di pangtapaan goeroedag babar, poetrana pameget kembar, moerangkalih moeloes teu aja pisan koetjijana didjenenganan anoe hidji *Koesja*, ari anoe hidji deui *Lawa*.

Moerangkalih poetra Sinta anoe doea téa dirorok koe Sang Pandita, dimongmong dipikahéman, diatik didjaring harti diasoe koe pangaweroeh, tatambangan kapanditan; Koesja sareng Lawa salira morontod teu bere-wit barèbèdan. Saenggeus moerangkalih arageung, koe Sang Wikoe éstoe disoewoek koe élmoe, diwoelang kasoesastran, paham kaboejanggaan, ngagending ngarang ngagoe-rit, dadaran bagbagan basa, geus bablas sagala bisa, ngadangding djeung hariringna,

nintjak pangkat martabat boedjangga, kakontjara moerangkalih *djoeroe kawi*.

Katjarioskeun di nagara Ajodhja noedjoe objag para ponggawa mantri, geundjleuh saeusi dajauh. réh Kangdjeng Radja Batara Rama badé ngersakeun pésta sasadjén gedé ngorbankeun koeda saadat biasa radja agoeng djaman harita.

Barang geus tepi kana mangsana, djelema ti soeklakna ti sikloekna toengkeb ka nagara, pada hajang miloe koempoel miloe aoeb ka ratoena, breng ngiring ngawih poepoedjian, moedja medar pangabisa.

Pandita Walmiki djeung poetoe koekoe-tanana noe doeaan téa ogé soemping ka nagara hojong ningali bari ngiring ngaloe-oehan dina prakna sasadjén korban-koeda téa.

Soekoemaha adat biasa, dina waktos éta pada ngawih poepoedjian saélmoena sagoe-roena.

Koesja sareng Lawa ogé ngiring medar beunangna diadjar, sarta barang dek ngawih hariring angin-anginan ngababar lalakon „RAMAJANA”, ditéték ti poerwa dongkap ka wekasanana, sadaja djelema pada olohok bengong, tina bakating koe soeroep loejoe, noedjoe hoeroep ninggang wirahma, misah ninggang ti noe réa toeroeg-toeroeg basa ninggang kana rasa, tjaritana matak ngahelas nalangsa.

Nembé harita koe Batara Rama kaoeninga jén éta doea *boedjangga nonoman* téh, poetrana koe andjeun, poetra Sinta noe diboeang ka pangtapaan.

Harita kénéh Batara Rama nimbalan mapag Déwi Sinta sina moelih deui ka karaton. Sasoempingna Sinta ka nagara, teu kenging ladjeng lebet ka poeri, nanging ka tempat magelaran anoe pésta biantara téa, lantaran dina manah Batara Rama, badé sakalian némbongkeun kabersihan salira garwana ka saeusi nagri. Eta margina keukeuh nimbalan ka garwana soepaja kedal soempah ka djelema loba, sing kasaksi kaboekti koe saeusi nagri, jén salira Sinta teu pisan karandapan dosa, sakoemaha panoeding noe hiri dengki, panjangka noe koerang wiwaha.

Sang Resi Walmihi teu tahan teu téga manahna ngadangoe timbalan Batara Rama ka garwana, djoeng baé andjeunna ngadeg, galantang njarita, nerangkeun diétjés-étjés-

keun jén andjeunna mang taoen-taen karoengroengan Déwi Sinta siang wengi ditingalikeun didadangoekoun, nepi ka njata teu ad-ad teu asa-asa, iasa njakséni sarta mastikeun kana kasetiaan kaweningan galihna Déwi Sinta ka tjarogé, éstoe toehoe satia sarta beresih teu aja sareboek sakeboel bakatoel hiber reregedna anoe toemerap dina manahna Koe sang pandita ditoengtoengan koe saer ngémbarkeun ka sadajana. jén éta nonoman anoe docaan, boedjanga anoe geus medar lalakon „*Ramajana*” tadi téa, éta saenjana poetra Déwi Sinta teges estoe poetrana Batara Rama.

Nanging Batara Rama keukeuh teu weléh ngadawoehan ka garwa, teu kalis koe lahirna Resi walmiki, nja éta gensan ngomah-ngomahan haténa djelema anoe salah panjangka, bok bilih atjan pocas koe sakitoe, harita Déwi Sinta kedah baé lisan, soempah kedah oetjap koe andjeun, ngébréhkeun kabersihan manah.

Djoeng Déwi Sinta ngadeg, mastaka toemoengkoel bangoen. noe aloem, sotja ngalimba ningali lemah, panangan disidakep keun, tapi sinar tjahjana soemirat henteu kalampoed koe semoe.

Djep djelema djempé, sadajana pada répéh, tina ngeres ngangres miloe sedih, welas ngarasa nalaangsa, raga asa ngarakatjak, bakating koe ketir djeung watir, ningal poetri moestikaning istri, anoe keur pinanggih prihatin.

Pok Déwi Sinta sasaoeran, njambat ka anoe ngajoega, moendoet totondén panajogjaan noe djadi tawis kasoetjian galih, dawoehanana:

Moegia *ajeuna* kaola dipoendoet oemoer, ditjandak koe noe ngajoega, koe *Iboe Déwi Pertiwi*, lamoen enja kaola satia toehoe, henteu karandapan rasa midoca, teu gindi pikir belang bajah ka Batara Rama”.

„Moegia *ajeuna* kaola dipoendoet oemoer, ditjandak koe noe ngajoega, koe *Iboe Déwi Pertiwi*, lamoen enja kaola migoesti lahir djeung batin, salawasna iman ka Batara Rama”.

„Moegia kaola *ajeuna* dipoendoet oemoer, ditjandak koe noe ngajoega, koe *Iboe Déwi Pertiwi*, lamoen enja kaola tigin satia toehoe, poetih beresih henteu misalaki ka noe lian kadjaba ti Batara Rama.

Barang toetoeop Dewi Sinta ngedalkeun lisan anoe bidjil tina galih sanoebarina, braj baé lemah beulah, ngewag moeka kersa déwa, sarta rangkoedjoeng singgasana kantjana moemboel ngadjoengdjoeng ti djero boemi, disangga koe para naga, ditihihan Batari Dewi Pertiwi, djadi saksi anoe boekti kasoetjian manah Sinta. Sarta rap Dewi Sinta disambat ditjalikkeun dina pangkonan Dewi Pertiwi, ditjandak kana singgasana kantjana, loemebet ka djero lemah, moelih ka djati moelang ka asal. Harita keneh boemi tjakoep lita deui, teu aja tapak-tapakna, Sinta sirna moesna tina tingal.

Batara Rama ngaroempoejoek, bari sasambat melas melis ka Batari Pertiwi, moentangan Dewi Sinta, soepaja oelah tjios ditjandak, nanging moebah teu aja goenana. Moeng harita loemoengsoer Batara Brahma, ngalilipoer noe keur woejoeng, ngoepahan anoe keur soesah didawoehkeun jen di docaja taja bagdja bisa lana mirabi ka Dewi Sinta, tapi ahir bakal tepoeng deui di sawarga kadewatan.

Batara Rama teu kiat nandang soengkawa, ladjeng bac masrahkeun nagara ka poetra noe doca, noe djenengan Koesja sareng Lawa tea, andjeunna mah moelih ka asalna tadi djadi deui Wisnoe aja di Sawarga-loka.

Ieu anoe ditjarioskeun di loehoer, sanes *lalakon* anoe parantos disambaran, nanging salinan tina Sangskrit, nja, aja oge anoe dirobah saeutik-eutikeun soepaja loejoe kana tjaritana, sareng apalih aja noe dipitjeun anoe katimbang pandjang teuing Ari lalakon-lalakon anoe geus djadi tjarita dalang, atawa anoe geus dipasieup deui koe boedjanga anoe ngarang, saperti anoe aja dina tjandi-tjandi saperti tjandi Prambanan dj. s. t. atawa dina pakem anoe sedjen, engke dina Poesaka Soenda anoe ti pengker baris diberberkeun deui sadajana.

Wawatjan Siliwangi

(*Samboengan P. S. No. 8*)

KINANTI

221. Ngimpèn aja anoe rawoeh,
pameget sepoeh ngalahir,
Ambetkasih ièu èjang,
ajeuna datang ka eulis,
perloena arèk papatah,
èjang mèrè boedak leutik.
222. Boedak hideung kawas loetoeng,
èstoe boedak keur prihatin,
poma koe eulis rawatan,
pidjalaneun oendak moekti,
boedak gedè daradjatna,
terah loehoeng titis Adji.
223. Koe Eulis heug angken doeloer,
pikawelas silih asih,
sakitoe piwoelang èjang,
poma èstokeun koe Eulis,
ajeuna èjang rèk moelang,
les leungit teu katingali.
224. Nji Poetri tanghi ngadjentoel,
ngamanah impènan tadi,
naha ieu lain riwan,
atawa panggoda iblis,
tapi anoe soemping èjang,
tetela anoe ngalahir.
225. Tina éta poetri ajoe,
boedi bèda ti sasari,
aloem henteu pati bèrag,
ngarep-ngarep hojông boekti,
ilapat ènggal kasorang,
geura sidik oedjar wangsit.
226. Sigegkeun poetri noe ngoengoen,
kotjap Radèn keur prihatin,
enggeus lawas lalajaran,
geus aja sataoen leuwih,
dibabawa koe nangkoda,
ka Sambas Bornèo Bali.
227. Digawèkeun kana ngapoet,
ngapoet lajar beurang peuting,
nanging sering disentakan,
gawèna gorèng teu apik,
gagabah noentjalan hantja,
kaselang hoeleng melentjing.
228. Noedjoe dina hidji waktoe,
kapalna katebak angin,
angin barat angin topan,
katambias tambah tebih,
toengtoengna naradjang karang,
papan semplak boerak-barik.
229. Oentoeng geus andjog ka teloek,
henteu tebih ti basisir,
kalasi handjat ka darat,
ki nangkoda mikir-mikir,
geusan ngadangdanan kapal,
koedoe njiar tangkal djati.
230. Nangkoda ka matros njaer:
éta baé Siliwangi,
da boedak gorèng gawèna,
oerang djoeal kana djati,
geuwat miang mangka meunang,
poeloekan gè kadjeun teuing.
231. Mios kalasi raroesoeh,
ngagiring Dèn Siliwangi,
ladjoe dibawa ka pasar,
gèhger di pasar sareuri,
ngarogrog djadi tongtonan,
aja boedak meles teuing.
232. Ki matros ngomong tjoemeloek,
saha anoe kersa meuli,
noekeuran oelah koe arta,
koedoena koe tangkal djati,
sanadjan djati poeloekan,
tiloe tangkal gè kop teuing.
233. Soedagar pasar pareboet,
pauhula-heula rèk meuli:
Koe koela bakal dibajar,
nadjan lima genep ringgit,
pok deui anoe saerang;
arèk dioeroep koe rispis.

234. Djawab kalasi parahoe,
koela henteu malar doeit,
djati anoe ditèangan,
rèh kapal nandang balai,
bentjar tihang nJORang karang,
hajang kai eukeur ganti.

235. Pareng embon Ratna Ajoe,
Nji Gandes sareng Nji Tjentil,
eukeur araja di pasar,
balandja sagala roepi,
nèndjo anoe riab-riab,
los laladjo oelak-ilik.

236. Barang gok seuri ngagoekgoek,
nèndjo boedak hideung willis,
lestreng meles kawas oa,
Gades Tjentil gasik balik,
rèk hatoeran ka doenoengan,
datang alèwoh ngetjewis.

237. Euleuh Agan aja loetjoe,
pependakan djsim abdi,
di pasar aja dagangan,
sahidji boedak lalaki,
hideung meles kawas gagak,
tongtonan bantoen kalasi.

238. Lah Agan moetoeh koe aloes,
roepana mingsal tèh teuing,
saè pikeun tjotjooan,
dibikeun lamoen dibeuli,
tapi teu kenging koe arta,
pamèntana tangkal djati.

239. Barang koe poetri karoengoe,
pioendjoek Gandes djeung Tjentil,
miwarang omat-omatan,
Tjentil manèh balik deui,
tèang anoe dagang boedak,
si hideung bawa ka aing.

240. Moen mangkè boedak geus poegoeh,
roedjoek djeung pikiran aing,
tangkal djatina mah gampang,
opat lima ogè manggih,
geuwat baè mangka gantjang,
bisina kaboeroe indit.

241. Djompong leumpang goera-giroe,
djeung matros geus tepoeng deui,
Mamang matros ditimbangan,
koe Agan doenoengan koering,
èta boedak hideung bawa,
baris dibeuli koe djati.

242. Teu lila ki matros tjoendoek,
ka pajoeneun Ambetkasih,
koe poetri dihiap-hiap;
ka dieu kalasi tjalik,
èta boedak hideung bawa,
hiap ieu kana lampit.

243. Ki matros madjoe ka pajoen,
boedak hideungna ngingintil,
miloe dioek tjèdok njembah,
toengkoel semoe bangoen isin,
tjoemalimba henteu tahan,
ngerik mikir milik diri.

244. Nji Ambetkasih pok njaoer,
mariksa ka ki Kalasi:
Padjar boedak rèk didjoel,
diroeroepkeun kana djati,
Ki Kalasi matoer njembah,
leres sadawoehan poetri.

245. Nja ieu boedakna miloe,
wastana poen Siliwangi,
Toeloej sang poetri ngandika,
andika meunang ti mendi,
boedak hideung kawas oa,
meles tjara gagak badis.

246. Anoe dipariksa matoer,
beunang djsim koering meuli,
ajeuna arék didjoel,
hajang meunang tangkal djati,
pikeun ngadandangan kapal,
rèh resak katebak angin.

247. Poetri keukeuh manah èmoet,
kana wangsit basa ngmpi,
tètèla lahir èjangna,
koedoe welas mikaasih,
ka si hideung noe sangsara,
nja ieu ajeuna boekti.

248. Tjing ka dieu sia agoes,
dioek sing deukeut ka kami,
oelah sieun oelah èra,
Ngèngsor Radèn Siliwangi,
njampeurkeun ladjeng moendjoengan,
hatoer sembah pangabakti.

249. Koe poetri dièmoet-èmoet,
rarajna disidik-sidik,
djedjer wanda salirana,
poegoeh boedak noe kaimpi,
enja ieu moal gagal,
sedjèn raos kana galih.

250. Nji Poetri ladjeng ngadawoeh,
miwarang djompong Nji Tjentil,
hatoer oeninga ka rama,
rèk meuli boedak lalaki,
boedak singkah ti noe lian,
Nji Tjentil njembah djoeng indit.

251. Sadongkap-dongkap mioendjoek,
oendjoek oeninga ka Resi:
abdi timbalan koe poetra,
Njai poetri Ambetkasih,
rèh badè ngagaleuh boedak,
lalaki hideung djèg mangsi.

252. Barang Ki Gedèng ngadangoe,
pok ka garwana ngalahir,
Tjing Nini oerang ka taman,
oerang ngalongok si Njai,
pagar arèk meuli boedak,
boedak dagangan kalasi.

253. Kiaji Gedèng enggeus djoeng,
rèk nepangan Ambetkasih,
diiring djompong teu tinggal,
anoë mawa èpok lampit,
teu koengsi lami di djalan,
ka karang kapoetrèn soemping.

254. Kiaji Gedèng ngadawoeh,
kalasi boedak ti mendi,
naha noe matak didjoeal,
koela mah henteu ngaharti,
Ki Kalasi pok oendjoekan,
beunang meuli koe tarasi.

255. Ajeuna oepami lakoe,
sedja rèk didjoeal deui,
nanging moal kana arta,
hajang meunang tangkal djati,
pikeun ngadangan kapal,
rèh kapal roeksak koe angin.

256. Kiaji teu goeroeng goesoeh,
saoerna bet rada inggis,
sok sieun gorèng leungeunna,
geuning digeuiangan beusi,
boa-boa palantoeran,
sok risi mijoeni oetjing.

257. Kawoewoeh makè kangkaloeng,
geuning dikongkorong beusi,
mana kitoe paminggatan,
sarèat tjiri noe boekti,
meureun boedak geus diboeang,
lantaran katjingtjirihi.

258. Ki Kalasi alon matoer,
salila aja di koering,
doea taoen moal kirang,
teu pisan tèmpong tjilimit,
teu opèn ka barang lian,
soemawonna gasab maling.

259. Malah dahar ogé méh tjoel,
oekoer saminggoe sakali,
poeasa taja kendatna,
dibaroeng koe njenen kemis,
kanaat bari tirakat,
ngan gawéna henteu hasil.

260. Lahir Kiai geus tangtoe,
èta téh meureun prihatin,
da toeman di pangboeangan,
djoeroe paling ti leuleutik,
djoeroe djana ti boeboedak,
geus gedé mah angot deui.

261. Siliwangi toengkoel imoet,
ngadangoe saer kiai,
njaer di djero manahna:
abong kéné noe ngalahir,
teu aja pisan rasrasan,
boro geur diseboet watjis.

262. Ambekkasih mah ngaheroek,
ka iboena loengas lengis:
lamoen rama henteu kersa.
si hideung moal dibeuli.
iboe koering amit leumpang,
miang moal wangsoel deui.

263. Iboena gasik hoematoer,
ka rakana Sang Kiai;
andjeun oelah taha-taha,
montong réa noe digalih,
toeroetkeun karepna poetra,
itoch ajeuna geus tjeurik.

264. Pira djati tiloe dapoer,
manéh tjatrik geura indit,
éta ki kalasi bawa,
hendjig noear tangkal djati,
si hideung oerang rawatan,
kop Enoh tah geura tampi.

265. Aloek geura sina njatoe,
lélér samping keur disalin,
rebig reudjeung serewalna,
Ki tjatrik parantos indit,
ngabarengan oerang kapal,
ka poengkoer rék noear djati.

Aja samboenganana.

Pihatoer Redaksi.

Sakoemaha anoe parantos kadeninga koe sadaja, taoen Poesaka Soenda dietang ti Juli dongkap ka Juni. Ajeuna parantos April. Koe margi eta artos langganan pikeun taoen **ka doea** (1923 — 1924) Oetamina dikin toenkeun ti samemeh Juli soepados tiasa nangtoskeun pilengkaheun dina taoen anoe ka doea tea. Koe margi diongklangan ti anggalna, oepami abot tea mah, tiasa di-toengtoet saban sasih ti ajeuna, didoea atanapi ditiloekeun. Hajang pisan oelah doegi ka kapaksa ngintoehkeun **postkwitantie**, tina roentjoe sareng rentjed, kawoewoeh ngaroegelkeun, margi djadi langkoeng *satalèn* tina pangaos loeloegoe. Eta margina noe mawi engke dina P. S. No. 12 ka anoe teu atjan majar baris dikintoenan balangko **postwissel** bae.


Djoeragan-djoeragan anoe djangdji bade ngintoenkeun artos langganan, saparantosna dikintoen P. S. aja anoe teu atjan nohonan kana djangdjina, koe margi eta sanget panoe-hoen Redaktie, soepados enggal maparin pibajoeun Poesaka Soenda.

Kadjabi ti eta, koe margi diantawis djoeragan Mantri Goeroe sakola klas II aja anoe *majar* aja noe **henteu**, ari dina *kwitansi pos* teu disebat tempatna, disoehoenkeun ka noe **teu majar** tea, soepados ngawangsoelkeun P. S. na, serat bae dina adresna: **Moal Langganan.**

Ka Djoeragan-djoeragan anoe ngalih tempat, disoehoenkeun soepados ngawartosan.

Hoeremat ti Redaksi.





IR. D. KODZICZOWENIA WENI WID. J. A.
(CIVILIAN)

I n^o. 10 p 160 bis